

**Pwogram Entèvansyon Bonè nan Eta New York
(New York State Early Intervention Program)
Konsantman pou Itilizasyon Sèvis Telesante
(Consent for the Use of Telehealth)**



Department of Health
Bureau of Early Intervention

Non Timoun nan _____

Nimewo Entèvansyon Bonè a _____ Dat Nesans _____ / _____ / _____

Adrès _____ Nimewo Apatman _____

Vil/Lokalite _____ Eta New York KÒD POSTAL _____

Minisipalite _____

Sèvis pou yo Founi Atravè Telesante _____

Nimewo Otorizasyon pou Sèvis la _____

Non Terapet la/Anseyan an _____ Telefòn _____

Ajans ki Founi Sèvis la _____ Telefòn _____

Kowòdonatè Sèvis la _____ Telefòn _____

Ajans ki Kowòdone Sèvis la _____ Telefòn _____

Enstriksyon: Fòm konsantman sa a, ki pou itilizasyon sèvis telesante kòm yon metòd livrezon sèvis entèvansyon bonè, yo dwe ranpli l pou chak tip sèvis ki otorize pou timoun nan, ki enkli sèvis evalyasyon **anvan** yo kòmanse ak sèvis telesante yo. Telesante se yon metòd livrezon sèvis entèvansyon bonè ki disponib pou fanmi ki patisipe yo e ki bay konsantman fòmèl yo.

Fòm konsantman sa a ki pou itilizasyon sèvis telesante a, yo ka retounen l pa imèl apre paran an/responsab legal la fin siyen epi retounen Fòm Konsantman Parantal pou Itilize Imèl pou Echanje Enfòmasyon Pèsonèl ki Idantifyab (Parental Consent to Use E-mail to Exchange Personally Identifiable Information Form) la tou, ki disponib la a: https://www.health.ny.gov/community/infants_children/early_intervention/memoranda/docs/early_intervention_parent_consent_to_use_email.pdf

Yo dwe kenbe fòm konsantman pou itilizasyon sèvis telesante a nan dosye timoun nan. Li obligatwa pou gen yon fòm konsantman apa pou **chak** sèvis entèvansyon bonè.

Mwen menm, (Non Konplè Paran an/Responsab Legal la) _____, mwen bay

konsantman m pou yo founi pitit mwen an sèvis (Antre Tip Sèvis la) _____
atravè telesante kòm yon metòd livrezon sèvis entèvansyon bonè. Mwen konprann ke sèvis telesante ke pitit mwen an pral resevwa yo ap satisfè obligasyon pou sèvis ki nan Plan Sèvis Familyal Endividyalize (Individualized Family Service Plan, IFSP) pitit mwen an e yo p ap founi yo anplisde sèvis adomisil/kominotè ke pitit mwen an otorize pou li resevwa yo.

Mwen konprann ke telesante vle di ke y ap founi sèvis entèvansyon bonè yo atravè **odyo ak videyo** an menm tan pandan tan seyans lan ap dire a.

Mwen konprann ke mwen gen dwa pou mwen aksede ak tout enfòmasyon sou entèvansyon bonè ki soti nan seyans ak founisè sèvis la sou fòm Nòt Seyans ak Nòt sou Pwogrè yo, lè mwen mande kowòdonatè sèvis pitit mwen an pou yo.

Mwen te resevwa yon kopi "Dwa Fanmi W nan Pwogram Entèvansyon Bonè a (Your Family Rights in the Early Intervention Program) lan."

Mwen konprann ke mwen gen dwa pou mwen anile konsantman sa a alekri a nenpòt moman, pou nenpòt rezon. Sizoka mwen anile konsantman m alekri, kowòdonatè sèvis pitit mwen an dwe sispann pwograme nouvo seyans telesante pou sèvis ki liste anwo a, nan lespas 7 jou apre li resevwa avi mwen an.

Non Paran an/Responsab Legal la (Ekri ak lèt detache) _____

Siyati Paran an/Responsab Legal la _____ Dat _____

Tanpri sonje: Si Fòm Konsantman pou Sèvis Telesante (Telehealth Consent Form) pou ranpli a gen siyati elektwonik Paran/Responsab Legal la ki pou bay konsantman l pou patisipe nan telesante, **siyati sa a dwe gen yon mak validasyon siyati elektwonik ladan tou (ki disponib atravè aplikasyon tankou Adobe Acrobat, DocuSign, elatriye) ki gen ladan dat ak lè yo te siyen fòm nan.** Si mezi sekirite sa a pa disponib, yo dwe enprime Fòm Konsantman pou Sèvis Telesante a pou pèmèt paran/responsab legal la siyen pou konsantman an sou kopi papye a.